

Enfòmasyon sou egzonerasyon nan MassHealth HCBS

Egzonerasyon pou chòk serebral ak egzonerasyon ki nan plan Moving Forward

Egzonerasyon pou sèvis baze lakay e nan kominote a (Home and Community Based Services - HCBS) se pwogram MassHealth ki founi sèvis bay moun ki kalifye swa lakay yo oswa nan kominote a. Massachusetts gen katon egzonerasyon HCBS ki sèvi moun k ap kite swa yon etablisman swen, swa yon lopital pou maladi kwonik oubyen reyadaptasyon, oswa yon lopital sikatri pou tounen nan kominote kote y ap viv. Gen yon yon kantite maksimòm patisipan ki, chak lane, ka sèvi.

Pwogram egzonerasyon HCBS	Popilasyon ki sèvi
1. Egzonerasyon ABI-RH <i>Blesi nan sèvo avèk reyadaptasyon rezidansyèl</i> jere pa Depatman pou sèvis devlopmanal	Moun majè ki gen blesi nan sèvo (Adults with Acquired Brain Injury - ABI) ki bezwen sipèvizyon 24 sou 24 nan yon rezidans founisè jere e kote gen yon pèsònèl.
2. Egzonerasyon ABI-N <i>Blesi nan sèvo avèk reyadaptasyon ki pa rezidansyèl</i> jere pa Komisyon reyadaptasyon nan Massachusetts	Moun majè ki gen ABI men ki pa bezwen soutyen/sipèvizyon 24 sou 24, men ki bezwen sèvis egzonerasyon baze nan kominote a e ki founi lakay yo.
3. Egzonerasyon MFPRS <i>Moving Forward Plan pou soutyen rezidansyèl</i> jere pa Depatman pou sèvis devlopmanal	Moun majè ki bezwen sipèvizyon 24 sou 24 nan yon rezidans founisè jere e kote gen yon pèsònèl.
4. Egzonerasyon MFP-CL <i>Moving Forward Plan pou viv nan kominote a</i> jere pa Komisyon reyadaptasyon nan Massachusetts	Moun majè ki pa bezwen ni soutyen ni sipèvizyon 24 sou 24, men ki bezwen sèvis egzonerasyon baze nan kominote a e ki founi lakay yo.

Pou kalifye pou egzonerasyon an, yon moun dwe fè aplikasyon pandan yo toujou ap viv swa nan yon mezon retrèt, swa nan yon lopital pou maladi kwonik e lopital reyadaptasyon, oswa nan yon lopital sikatri, e

	Egzonerasyon ABI	Egzonerasyon MFP
gen yon ABI* ki kontinye alaj 22 lane oubyen apre	✓	
yon moun majè ki gen yon andikap oubyen gen 65 an oubyen plis	✓	✓
ap viv swa nan yon mezon retrèt, swa nan yon lopital pou maladi kwonik e lopital reyadaptasyon, oswa nan yon lopital sikatri pou omwen 90 jou	✓	✓
satisfè egzijans sou kesyon nivo swen nan klinik	✓	✓
bezwen egzonerasyon sèvis nan kominote a (gade sou pwochen paj la)	✓	✓
satisfè kondisyon finansyè pou kalifye pou MassHealth Standard**	✓	✓
kapab sèvi an sekirite nan kominote a	✓	✓

* Kèk egzantp ABI ki kalifye se blesi nan sèvo ki rive poutèt **estwok, chòk nan sèvo, enfeksyon nan sèvo, timè nan sèvo, oubyen anoreksi**. Maladi ki yon sòt demans pa maladi ki kalifye.

** Kondisyon finansyè pou moun k ap aplike pou egzonerasyon HCBS :

- **Salè** ≤ 300% pase to benefis federal SSI la (\$2,829 pa mwa nan lane 2024)
- **Aktif ki kapab konte** ≤ \$2,000
- **Aktif ki kapab konte** e ki pou epou/epouz (si genyen) moun k ap fè aplikasyon an ≤ \$154,140 (nan lane 2024)

Sèvis egzonerasyon

Gade sit entènèt ki anapre a pou detay

	Egzonerasyon rezidansyèl		Egzonerasyon pa rezidansyèl	
	ABI-RH	MFP-RS	ABI-N	MFP-CL
Sèvis pou yon lavi otonòm	✓	✓		
Reyabilitasyon rezidansyèl	✓	✓		
Viv an komen - soutyen 24 sou 24	✓	✓		
Teknoloji dasistans	✓	✓	✓	✓
Konpanyon ki majè			✓	✓
Sèvis kòve			✓	✓
Soutyen lajounen ki baze nan kominote a	✓	✓	✓	✓
Soutyen e navigasyon nan kominote a	✓	✓	✓	✓
Sèvis lajounen	✓	✓	✓	✓
Fòmasyon fanmi a	✓	✓	✓	✓
Adaptasyon nan aksesibilite adomisil	✓	✓	✓	✓
Livrezon repa lakay			✓	✓
Èd pou swen lakay (Home health aide)			✓	✓
Fanm kay			✓	✓
Sèvis pou yon lavi otonòm			✓	✓
Soutyen endividyèl e Reyadaptasyon kominotè	✓	✓	✓	✓
Lesiv			✓	✓
Sèvis oryantasyon e mobilite	✓	✓	✓	✓
Soutyen konfrè	✓	✓	✓	✓
Swen pèsònèl			✓	✓
Fizyoterapi, ègoterapi, òtofofoni	✓	✓	✓	✓
Sèvis pre-pwofesyonèl	✓	✓	✓	✓
Sèvis relèv			✓	✓
Sipò adomisil komen			✓	✓
Enfimyè konpetan	✓	✓	✓	✓
Aparèy medikal espesyalize	✓	✓	✓	✓
Anplwa asiste	✓	✓	✓	✓
Èd nan swen adomisil			✓	✓
Asistans tranzisyonèl	✓	✓	✓	✓
Transpò	✓	✓	✓	✓
Amenajman machin			✓	✓

Gen disponib anliy enfòmasyon e aplikasyon sou yon paj ki ka enprime

<https://www.mass.gov/acquired-brain-injury-abi-and-moving-forward-plan-mfp-waivers>

Pou enfòmasyon siplemantè sou egzonerasyon ABI :
Imèl : ABInfo@umassmed.edu

Pou enfòmasyon siplemantè sou egzonerasyon MFP :
Imèl : MFPinfo@umassmed.edu